QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
STATISTIKA BASQARMASÍ

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA MEKTEPKE SHEKEMGI BILIMLENDIRIWDIŃ TIYKARǴÍ STATISTIKALÍQ KÓRSETKISHLERI

*(2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına)*



# ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNDA MEKTEPKE SHEKEMGI BILIMLENDIRIW SISTEMASÍ

**Mektepke shekemgi bilimlendiriw boyınsha press-reliz** - bul tarawdaǵı rawajlanıw tendensiyalarin gúzetip barıw ushın zárúrli qural esaplanadı. Bul press-relizde, birinshi náwbette, mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasınıń rawajlanıwın xarakterleytuǵın jáne bul tarawǵa basqasha kóz qarastan qarawǵa imkaniyat beretuǵın rásmiy statistikalıq maǵlıwmatlar keltirilgen.

**Press-relizdiń tiykarǵı maqseti** mektepke shekemgi bilimlendiriw tarawındaǵı házirgi jaǵdaydı sáwlelendiriw, usınıp atırǵan mektepke shekemgi bilimlendiriw sapasına, turaqlı rawajlanıwǵa erisiw jolındaǵı nátiyjeler esap-kitabı sonday-aq, perzentlerimizdiń tálim sapasın jaqsılawǵa qaratılǵan nátiyjeli strategiyalardı islep shıǵıwǵa kómeklesiwden ibarat.

**Mektepke shekemgi bilimlendiriw** bala ómirindegi eń zárúrli basqısh bolıp, ol balalardıń rawajlanıwında zárúrli rol oynaydı, shaxstıń qáliplesiwine, onıń intellektuallıq, ruwxıy - etikalıq, estetik hám fizikalıq rawajlanıwına, sonıń menen birge balalardı ulıwma orta bilim beriwge tayarlawǵa tásir etedi hám olardıń keleshegin belgileydi. Qala berse balalar rawajlanıwınıń túrli tarawları bolsada, olar óz-ara baylanıslı. Házirgi waqıtta mektepke shekemgi bilimlendiriw, tálim sistemasınıń ajıralmaytuǵın bólegine aylandı jáne onıń áhmiyeti turaqlı túrde artıp barıp atır.

Press-relizde mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasınıń túrli tareplerin xarakterleytuǵın tiykarǵı kórsetkishler, atap aytqanda, mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri hám olardaǵı balalar sanı, bul tarawda iskerlik júrgizip atırǵan pedagoglar hám tárbiyashilar sanı, 3 jastan 6 jasqa deyingi balalardı mektepke shekemgi tálim menen qamtıp alıw kórsetkishleri sıyaqlı maǵlıwmatlar keltirilgen.

**Shańaraqlıq mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi** tek ǵana mámleketlik-jeke menshik sherikliktiń shańaraqlıq mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerin materiallıq-texnikalıq hám metodikalıq jaqtan támiyinlew túri tiykarında shólkemlestiriledi.

Shańaraqlıq mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi túrinde mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiya tarawında bilimlendiriw xızmetleri jeke tártiptegi isbilermen sıpatında dizimnen ótken fizikalıq tárepler tárepinen kórsetiledi.

Usı press-reliz Ózbekstan Respublikası Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriwi ministrliginiń mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri boyınsha uyımlıq maǵlıwmatları integraciyası arqalı alınǵan maǵlıwmatlar tiykarında tayarlandı.

## Qaraqalpaqstan Respublikasında jumıs alıp barıp atırǵan mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleriniń sanı

*(tiyisli jıldıń 1-yanvar jaǵdayına, birlik)*




Qaraqalpaqstan Respublikasında jumıs alıp barıp atırǵan mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri, shańaraqlıq mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleriniń sanın qosqan halda, 2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına 1 809 dı quradı, bul bolsa 2020-jıl 1-yanvarǵa salıstırǵanda 466 ǵa (yaǵnıy 3,9 esege) artqan.

## Jumıs alıp barıp atırǵan mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri sanınıń rayonlar kesiminde bólistiriliwi

*(2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına, birlik)*






Eger 2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına jumıs alıp barıp atırǵan mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleriniń eń úlken bólegi Beruniy (414), Nókis q. (262) hám Ellikqala (190) rayonlarında baqlanǵan bolsa, basqa rayonlarǵa salıstırǵanda eń tómen kórsetkish Bozataw (18), Moynaq (25) hám Qanlıkól (34) rayonlarında dizimge alınǵan.

## Qaraqalpaqstan Respublikası mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi orınlar sanı *

*(tiyisli jıldıń 1-yanvar halatına, mıń birlik)*




Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi orınlar sanı usı tarawdaǵı eń áhmietli kórsetkishlerden biri bolıp esaplanıp, barlıq kishi jastaǵı balalarǵa balalar baqshasına barıw hám mektepke tayarlıq kóriw imkaniyatın mámleketlik hám jergilikli hákimiyat uyımları tárepinen támiyinleniwin sáwlelendiredi.

** 2024-jıl 1-yanvarǵa shekem shańaraqlıq mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi orınlar sanı haqqındaǵı maǵlıwmatlarsız keltirilgen.*

## Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi orınlar sanınıń rayonlar kesiminde bólistiriliwi

*(2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına, mıń birlik)*






2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi orınlar sanınıń eń úlken bólegi Nókis q. (27,2), Beruniy (26,0) hám Tórtkúl (18,3) rayonlarına tuwra kelgen bolsa, basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda eń tómen kórsetkish Bozataw (1,5) hám Moynaq (2,6) rayonlarında baqlanǵan.

## Qaraqalpaqstan Respublikası mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi toparlar sanı*

*(tiyisli jıldıń 1-yanvar jaǵdayına, birlik)*




Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerindegi toparlar balalardı tárbiyalaw hám oqıtıw procesinde áhmiyetli rol oynaydı. Bul toparlar balalardıń jası hám psixologiyalıq ózgesheliklerin esapqa alıp shólkemlestiriledi, bul bolsa olardıń hár tárepleme rawajlanıwı ushın eń jaqsı sharayatlardı jaratıwǵa imkaniyat beredi.

** 2024-jıl 1-yanvarǵa skekem shańaraqliq mámleketlik emes mektepge shekem bilimlendiriw shólkemlerindegi toparlar sanı tuwrısındaǵı maǵlıwmatlarsız keltirilgen.*

## Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi toparlar sanınıń rayonlar kesiminde bólistiriliwi

*(2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına, birlik)*







2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına rayonlar kesiminde eń kóp mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri toparları Nókis q. (927), Beruniy (908) hám Tórtkúl (542) rayonlarında dizimge alınǵan, basqa rayonlarǵa salıstırǵanda, eń tómen kórsetkishler Bozataw (52) hám Moynaq (89) rayonlarında baqlanǵan.

## Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı shańaraqlıq mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleriniń sanı

*(tiyisli jıldıń 1-yanvar jaǵdayına, birlik)*




Qaraqalpaqstan Respublikasında shańaraqlıq mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleriniń sanı 2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına 1 219 dı quradı, bul bolsa 2021-jıl 1-yanvarǵa salıstırǵanda 529 ǵa (yaǵnıy 2 esege) artqan.

## Shańaraqlıq mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri sanınıń rayonlar kesiminde bólistiriliwi

*(2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına, birlik)*






Eger 2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına shańaraqlıq mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleriniń eń úlken bólegi Beruniy (350), Nókis q. (173 ta) hám Ellikqala (143 ta) rayonlarında dizimge alınǵan bolsa, basqa rayonlarǵa salıstırǵanda eń tómen kórsetkish Moynaq (5), Bozataw (7) hám Qanlıkól (14) rayonlarına tuwra kelgen.

## Qaraqalpaqstan Respublikası mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi balalar sanı

*(sáykes jıldıń 1-yanvar jaǵdayına, mıń adam)*




Qaraqalpaqstan Respublikası mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi balalar sanı 2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına 117,6 mıńdı quradı, bul bolsa 2020-jıl 1-yanvarǵa salıstırǵanda 82,7 mıń adamǵa (yaǵnıy 42,2 procentke) artqan.

## Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi balalar sanınıń rayonlar kesiminde bólistiriliwi

*(2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına, mıń adam)*






2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi balalar sanınıń eń kóp bólegi Nókis q. (19,5 mıń adam), Beruniy (16,6 mıń adam) hám Ámiwdárya (12,5 mıń adam) rayonlarında dizimge alınǵan bolsa, basqa rayonlarǵa salıstırǵanda eń tómen kórsetkish Bozataw (1,0) hám Moynaq (2,0 mıń adam) rayonlarında baqlanǵan.

## Qaraqalpaqstan Respublikası mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi balalardıń gender bólistiriliwi

*(tiyisli jıldıń 1-yanvar halatına, %)*




2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi balalar sanında er balalardıń úlesi 57,7 procentti, qızlardıń úlesi bolsa 42,3 procentti quraǵan. 2020-jıl 1-yanvar jaǵdayına salıstırǵanda qızlardıń sanı 50,4 %, ul balalardıń sanı 87,7 % ke artqan.

## Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi balalar sanınıń rayonlar boyınsha gender bólistiriliwi

*(2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına, %)*



## Qaraqalpaqstan Respublikasında 3-6 jastaǵı balalardı mektepke shekemgi bilimlendiriw menen qamtıp alıwı

*(tiyisli jıldıń 1-yanvar jaǵdayına, %te)*




3-6 jastaǵı balalardı mektepke shekemgi bilimlendiriw menen qamtıp alıw boyınsha sezilerli ósiw baqlanbaqta. Sonıń ishinde, 2020-jıl 1-yanvar jaǵdayına bola balalardıń 53,8 procenti mektepke shekemgi bilim alıw imkaniyatına iye bolǵan bolsa, 2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına bolsa bul kórsetkish 77,9 procentke jetti. Bul unamlı tendenciyanı balalardıń erte balalıq dáwirinde hár tárepleme rawajlanıwı ushın bilimlendiriw strategiyaları hám baǵdarlamalarınıń tabıslı ámelge asırılıwınıń nátiyjesi sıpatında bahalaw múmkin.

## 3-6 jastaǵı balalardı mektepke shekemgi bilimlendiriw menen qamtıp alıwdıń rayonlar kesiminde bólistiriliwi

*(2024-jil 1-yanvar halatına, % da)*






Eger 2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına 3-6 jastaǵı balalardıń eń kóp bólegi Beruniy (95,9 %), Nókis q. (88,6 %) hám Qońırat (87,4 %) rayonlarında mektepke shekemgi bilimlendiriw menen qamtıp alınǵan bolsa, basqa rayonlarǵa salıstırǵanda eń tómen qamtıp alıw Tórtkúl (61,6 %) hám Bozataw (65,5%) rayonlarında baqlanǵan.

## Qaraqalpaqstan Respublikasında 3-6 jastaǵı balalardı jınısı boyınsha mektepke shekemgi bilimlendiriw menen qamtıp alınıwı

*(tiyisli jıldıń 1-yanvar jaǵdayına, % te)*




2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına bola, 3-6 jastaǵı ul balalardıń mektepke shekemgi bilimlendiriw menen qamtıp alınıwı 93,4 procentti, qızlardıń qamtıp alınıwı bolsa 61,6 procentti quradı. 2020-jıl 1-yanvar jaǵdayına salıstırǵanda, qızlardıń qamtıp alınıwı - 30,2 p.p.ǵa, ul balalardıń qamtıp alınıwı - 53,3 p.p.ǵa arttı.

## 3-6 jastaǵı balalardı jınısı boyınsha mektepke shekemgi bilimlendiriw menen qamtıp alınıwınıń rayonlar kesiminde bólistiriliwi

*(2024-jil 1-yanvar halatına, % te)*



## Qaraqalpaqstan Respublikası mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi pedagog xızmetkerlerdiń sanı

*(tiyisli jıldıń 1-yanvar jaǵdayına, mıń adam)*




Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi pedagog xızmetkerlerdiń sanı mektepke shekemgi bilimlendiriwdiń sapasın belgileytuǵın tiykarǵı faktor bolıp esaplanadı. Balalar baqshalarınıń maman qánigeler menen támiyinleniwi balalardı tárbiyalaw hám rawajlandırıw dárejesine, sonday-aq, bilimlendiriw baǵdarlamaların nátiyjeli ámelge asırıwǵa tikkeley tásir etedi.

** 2024-jıl 1-yanvarǵa shekem shańaraqlıq mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi pedagog xızmetkerlerdiń sanı haqqındaǵı maǵlıwmatlarsız keltirilgen.*

## Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi pedagog xizmetkerler sanınıń rayonlar kesiminde bólistiriliwi

*(2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına, mıń adam)*






Eger 2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi pedagog xızmetkerleriniń eń kóp bólegi Nókis q. (1,7 mıń adam), Beruniy (1,4 mıń adam) hám Ámiwdárya (1,0 mıń adam) rayonlarında dizimge alınǵan bolsa, basqa rayonlarǵa salıstırǵanda eń tómen kórsetkish Bozataw (0,1 mıń adam) hám Shomanay (0,2 mıń adam) rayonlarına tuwra kelgen.

## Statistikalıq kórsetkishlerge túsinik

**Mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiya** — balalarǵa tálim-tárbiya beriwge, olardı intellektuallıq, ruwxıy-ádep-ikramlılıq, etikalıq, estetikalıq hám fizikalıq jaqtan rawajlandırıwǵa, sonday-aq, balalardı ulıwma orta bilim alıwǵa tayarlawǵa qaratılǵan úzliksiz bilimlendiriw túri.

**Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi** — mektepke shekemgi tálim hám tárbiya tarawında tálim hám tárbiya xızmetlerin kórsetiwshi mámleketlik hám mámleketlik emes shólkem.

**Mámleketlik mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi** — mámleket tárepinen qarjılandırılatuǵın hám basqarılatuǵın jáne mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiyanıń mámleketlik standartına muwapıq mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiya xızmetlerin kórsetiwshi shólkem.

**Mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi** —mámleketlik emes bilimlendiriw xızmetlerin kórsetiw tarawındaǵı jumıstı ámelge asırıwǵa baylanıslı licenziya tiykarında mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiya tarawında bilimlendiriw hám tárbiya xızmetlerin kórsetiwshi yuridikalıq shaxs.

**Shańaraqlıq mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi** tek ǵana mámleketlik-jeke menshik sherikliktiń shańaraqlıq mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerin materiallıq-texnikalıq hám metodikalıq jaqtan támiyinlew túri tiykarında shólkemlestiriledi. Shańaraqlıq mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde 50 ge shekem balalarǵa mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiya beriwge jol qoyıladı.

**Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerindegi balalar sanı** – jıl aqırında mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri diziminde turǵan mektepke shekemgi bilimlendiriw jasındaǵı balalar sanı.

**Mektepke shekemgi jas** — balalardıń tuwılǵan waqtınan jeti jasqa shekem, olardı ulıwma orta bilimlendiriw shólkemlerinde bilim beriw baslanǵan waqıtqa shekemgi bolǵan jası.

**Balalardıń mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde orınlar menen támiyinlengenligi** — bul kórsetkish balalar sanınıń mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerindegi orınlar sanına qatnası menen anıqlanadı. Salıstırmalı tallawda bul jerde mektepke shekemgi bilimlendiriw strukturalarındaǵı hár 100 orınǵa tuwra keletuǵın balalar sanı boyınsha maǵlıwmatlar qollanıladı.

**3-6 jastaǵı balalardı mektepke shekemgi bilimlendiriw menen qamtıp alıwı** – bul kórsetkish mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri diziminde turǵan 3-6 jastaǵı balalar sanınıń usı jastaǵı xalıqtıń sanına (turaqlı xalıqtıń aǵımdaǵı esabı tiykarında alınǵan demografiyalıq statistikalıq maǵlıwmatlar boyınsha) qatnası menen anıqlanadı.



**Press-relizdi tayarlaw ushın juwapker:**
**Sociallıq taraw statistikası bólimi**


Qaraqalpaqstan Respublikası
statistika basqarması

www.qrstat.uz

Tel.: +99861 222-79-83